

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data dina bab opat ngeunaan kaéféktifan modél pangajaran *memorization (mnemonik)* dina ngaronjatkeun pangaweruh léksikon siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012, bisa dicindekkeun kieu.

- 1) Pangaweruh léksikon siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 kagolong kurang nyugemakeun. Ieu hal dibuktikeun ku hasil pretés siswa anu jumlah perséntase pangaweruh léksikonna kurang ti 60%, sedengkeun standar minimal pangaweruh léksikon anu cukup hade/hadé nyaéta 60% tina jumlah léksikon anu diujikeun. Ieu hal didukung ogé ku jumlah rata-rata perséntase pangaweruh léksikon pretés siswa anu jumlahna 46,61% tina jumlah léksikon anu diujikeun. Ku kituna tétéla yén pangaweruh léksikon siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 téh kurang.
- 2) Pangaweruh siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *memorization (mnemonik)* hasilna, 5 siswa anu dianggap geus miboga pangaweruh léksikon anu kawilang cukup hadé, sedengkeun 21 siswa masih dianggap miboga pangaweruh léksikon anu kurang nyugemakeun. Tapi sabada dilaksanakeun

prosés diajar ngajar ngagunakeun modél pangajaran *memorization (mnemonik)* hasil postés siswa ngaronjat jadi 6 siswa miboga pangaweruh léksikon anu kagolong hadé pisan jeung 16 siswa kagolong miboga pangaweruh léksikon anu cuku hade/hadé, sedengkeun sésana anu jumlahna 5 siswa masih kagolong miboga pangaweruh léksikon kurang. Sok sanajan kitu, dumasar kana uji gain rata-rata perséntase pangaweruh siswa dina pretés anu jumlah persentasena 46,61%, ngaronjat jadi 73,44% atawa ngaronjat kurang-leuwih 26,83%. Ieu hal nuduhkeun yén modél pangajaran *memorization (mnemonik)* mangaruhan dina ngaronjatkeun pangaweruh léksikon siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung.

- 3) Tina hasil pretés, postés, jeung uji gain tétéla modél pangajaran *memorization (mnemonik)* éféktif pikeun ngaronjatkeun pangaweruh léksikon siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012. Ieu hal dibuktikeun ogé dina uji hipotésis anu nétélakeun yén  $t_{itung} > t_{tabél}$  atawa  $130 > 2,7$ , hartina aya béda anu signifikan antara hasil pretés jeung postés saméméh jeung sabada dilaksanakeun prosés diajar ngajar ngagunakeun modél pangajaran *memorization (mnemonik)*.

## 5.2 Rekomédasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ka siswa kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung taun ajaran 2011-2012, anu judulna “Modél Pangajaran *Memorization (Mnemonik)* pikeun Ngaronjatkeun Pangaweruh Léksikon Siswa Kelas XI SMA,

Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung Taun Ajaran 2011-2012”, aya sababraha hal anu jadi rékomendasi boh pikeun panaluntikan saterusna, utamana panalungtikan anu patali jeung ngaronjatkeun pangaweruh léksikon atawa aplikasi modél pangajaran *memorization (mnemonik)* dina prosés diajar ngajar, pikeun guru, ogé nu maca ieu skripsi. Éta rékomédasi-rékomédasi téh di antarana ngawengku hal-hal ieu di handap.

- 1) Lakukeun ékperimén murni (*true experiment*) sangkan hasil tina éta panalungtikan bisa digeneralisasikeun kana populasi anu leuwih lega.
- 2) Gunakeun modél-modél pangajaran séjénna dina ngaronjatkeun pangaweruh léksikon di SMA.
- 3) Saupama ngagunakeun model pangajaran *memorization (mnemonik)*, éksplor kamampuh siswa dina ngaasosiasikeun matéri anu diajarkeun jeung *pangalaman* atawa pangaweruh anu anu geus dipimilikna sangkan ngarajong sumangetna dina diajar.
- 4) Kagiatan ngapalkeun kadang mah jadi hiji kagiatan anu teu pikaresepeun, mangka gunakeun métode *mnemonik* anu bervariatif sangkan siswa henteu ngalaman stagnansi (kabosenan) nalika diajar ngagunakeun ieu modél pangajaran.
- 5) Ieu modél pangajaran *memorization (mnemonik)* anu kabukti bisa ngaronjatkeun pangaweruh léksikon siswa, dipiharep bisa digunakeun ogé ku guru pikeun leuwih ngaronjatkeun kompeténsi pangajaran séjénna.